Recueilli par : Amet Aly TOURE

dit par : Ousmane Gala DIOP, Cultivateur

# BUKKI AK GOLO YI

Bekk Bukki la woon, mu feebar, om bay bëgg dee. Oma-om ba nga xam ni daal kenn xamatul nu mu nekke. Mu dem ca kër Tubaab ba jënd fa genn kawdiir gu rëy, ni man daal dinaa sàkk pexe ci golo yi, mbaa dinaa dee rekk.

Mu ñów ci golo yi ni leen :

- Man dé damay faj daardaar. Seen daardaar yépp mën naa ko faj.

Ñu ni ko : Aa ! Nun dé sunu daardaar yi soxlaatunu ko. Bëgg nañu ku ñu ko fajal.

Mu ni leen : Tàbbileen ci kawdiir gi.

Ñoom ñépp ñu solu ci kawdiir gi, mu ñulug leen. Mu ni leen nag :

- Buleen doyadi. Bu xawee tàng rekk, nileen ma tàng na, ma ubbi leen. Buleen toog kat ba gaañu.

Ñoom ñépp ñu daldi toog ; far tëdd nag ni gumm. Muy faj daardaar yi nag. Mu fab benn kubéer teg ca, boo xam ni kenn àttanu ko. Muy xamb, di xamb, di xamb ba golo ga ca suuf ni :

- Uh ! Tàng na dé !

- Mu ni ko : Yow dé teel nga ! Teel nga ! Xam nga ni teel nga. Leegi rekk ma dugal la ci, nga ni tàng na. Nu mu tànge ?

Mujj nga nag coow la jël :

- Tàng naay ! Tàng naay ! Tàng naay !

Mu ni leen tàngagul, mbate mu baxee bay wañjax, ba ma seppi ci doom yi lekk, ma door leen di kii...

Mu togg leen ba ñu ñor, mu lekk leen. Mu demati ci beneen bëréb, ni :

- Ku cee fajlu daardaar na ñów !
Ku cee fajlu daardaar na ñów !

Golo yi di ko woo :

- Ñijaay Bukki, daardaar a ngi, nijaay Bukki daardaar a ngi... ba kawdiir ga fees dell.

Mu ñulug. Ni leen :

- Dama leen di wax lenn : Soo xamee ni nigg na rekk, wangeen ma ko wax, ma dindi leen.

Ñu dugg toog. Mu ub kawdiiram, di xamb, di xamb, di xamb ba yàgg, genn golo ca suuf ni :

- Uh !

Mu ni ko : Teel nga dé, Wallaahi teel nga. Muy xamb, di xamb , di xamb, di xamb, di xamb ba kawdiir gi ñor. Mu seppi lekk ba suur.

Dëkk bi mu mujje nag , ba mu woowee golo yi ba ñulug leen, benn ponkalu golo moo ca tëbe féqu rekk dem ci benn dëkk ni leen :

- Bukkée ngi ñów. Dafa leen di baxal yeen ñépp, lekk leen. Àll boobu yépp lekk na golo ya. Su ñówee, ni leen ko mu jëkk nu seet naka mo def.

Mu ñów. Bi mu ñówée ci gaa ñi ni :

- Ku cee fajlu daardaar na ñów.

Ñu ni ko : Nijaay Bukki daardaar yaa ngi wante dangaa jëkk dugg.

Mu ni : - Ih ! Golo gée fu mu dëkk ? Kii dé dafa mel ni mos naa ko gis.

Ñu ni ko : Ih ! Golo gii maamam nekk fii, baayam nekk fii, mosu fee joge.,

Mu ni leen : - Déet, kii, kii, kii...Kuy faj kat moo di wax, waaye ngeen ni naa dugg ! Bu ma duggee nu ngeen may def ?

Ñu ni ko : - Bu tàngee, nu dindi la.

Fekk na Golo ga waxoon na leen ko.

Mu dugg ñu ñulug ko.

Ñu ni : - Ih ! kii dee na di !

Golo ga rëccoon ni leen :

- Indileen taatu garab ñu def ci.

Ñu sëf kubéer gi ba mu dëgar, ñu togg ba mu ni :

- Ee ! tàng na dé !

Ñu ni ko : Aa, teel nga. Tàngagul ! Baxal nga golo yépp. Tey ñu baxal la.